



YON GID POU FANMI SOU
Planifikasyon
pou
tranzisyon

PREPARE ELÈV AK
IEP yo POU LAVI
APRE LEKÒL SEGONDÈ

Byenveni

Byenke tout tranzisyon ka difisil, tranzisyon soti nan lekòl segondè pou antre nan lavi apre lekòl segondè ka patikilyèman boulvèsan, espesyalman pou elèv ki gen Pwogram Edikasyon Endividyyèl yo (Individualized Education Programs, IEPs). Pou asire elèv ki gen IEP yo prepare pou lavi apre lekòl segondè, bon jan kalite planifikasyon pou tranzisyon enpòtan.

Gid pou Fanmi sa a sou Planifikasyon pou Tranzisyon konsantre sèlman sou planifikasyon pou tranzisyon. Li konplete lòt resous edikasyon espesyal Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) ki sou sit wèb NYCDOE a nan www.schools.nyc.gov/specialeducation.

Youn nan fason NYCDOE ap travay pou asire planifikasyon pou tranzisyon ki efikas pou elèv ki gen andikap yo ansanm ak fanmi yo pandan y ap deplase soti nan klas pre-matènèl pou rive nan klas 12yèm ane ak nan kolèj, karyè, oswa lòt opsyon, se te pou etabli Sant Aksè pou Tranzisyon ak Kolèj (Transition and College Access Centers, TCACs). Sant sa yo konsakre pou asire elèv ki gen andikap yo prepare pou eksperyans lavi yo apre lekòl segondè. Anplis founi resous ak sipò pou preparasyon pou kolèj, yo fasilité yon seri opòtinité aprantisaj ki baze sou travay pou elèv ki gen IEP yo, epi yo fèt pou sipòte tout moun ki gen enterè nan travay kritik planifikasyon pou tranzisyon siyifikatif la pou elèv ki gen IEP yo pandan y ap prepare pou yo kite lekòl segondè antanke manm sosyete a ki pwodiktif epi ki ap kontribiye. Gen plis enfòmasyon sou TCAC yo nan seksyon *Resous yo nan Gid sa a*.

Antanke yon paran, patisipasyon ou nan planifikasyon pou tranzisyon an enpòtan pou siksè ptit ou an.

N ap kontinye kolabore avèk ou pandan n ap travay ansanm pou bay ptit ou eksperyans ki esansyèl nan planifikasyon pou tranzisyon ki ap abouti a yon edikasyon konplè ak siksè apre ane lekòl segondè yo.



Tabmatyè

Planifikasyon pou Tranzisyon

paj 2 Kisa Planifikasyon pou

Tranzisyon ye ?

paj 2 Oto-Defans ak
Motivasyon Pèsonèl

paj 3 Valè Vwa Etidyan nan
Reyinyon IEP

Rezime Kondisyon pou Sèvis Tranzisyon yo

paj 4 Kisa evalyasyon pou tranzisyon ak
pwofesyonèl yo ye ?

Tranzisyon ak Pwogram Edikasyon Endividyèl lan (Individualized Education Program, IEP)

paj 6 Objektif apre-lekòl segondè
yo ka mezire

paj 6 Objektif Anyèl yo

paj 7 Egzanp Objektif

paj 8 Seri Aktivite Tranzisyon
ki kowòdone

paj 10 Wòl Planifikasyon
pou Tranzisyon yo

Lis bagay pou fè pou Planifikasyon Tranzisyon

paj 13 Preparasyon pou Lavi apre
Lekòl Segondè

paj 13 Lis bagay pou fè pou
Planifikasyon pou Tranzisyon

paj 14 Anvan Laj 12 lane

paj 14 Laj 12–14 lane

paj 15 Laj 14–17 lane

paj 16 Laj 17–21 lane

Opsyon Gradyasyon

ak Sètifikasi

paj 17 Opsyon Gradyasyon ak Sètifikasi

Konsiderasyon Priyorite ki Depann sou Objektif apre Lekòl Segondè

paj 20 Planifikasyon pou Ale nan Kolèj

paj 21 Planifikasyon pou Ale nan Lekòl
Pwofesyonèl oswa pou Antre nan
Mache Travay la

paj 22 Planifikasyon pou Ale nan yon
Pwogram lajounen

Resous

paj 24 Sant Pou Tranzisyon Ak Aksè Nan
Kolèj (Transition & College Access
Centers, TCACs)

paj 25 Biwo Sèvis Tranzisyon Distri 75
la ak Inisyativ Planifikasyon apre
Ilekòl segondè

paj 25 Ajans Sèvis Tranzisyon ak Sistèm
Sèvis pou Adilt — Ki sèvis mwen
ta dwe jwenn pou timoun mwen ?

Siplemen

paj 27 Echantillon Evalyasyon
Pwofesyonèl Nivo I

Planifikasyon pou Tranzisyon

Kisa Planifikasyon pou Tranzisyon ye ?

Planifikasyon pou tranzisyon se pwoesisis yo itilize pou asire ke elèv ki te benefisyé. Pwogram Edikasyon Endivididyèl yo (Individual Education Program, IEP) prepare pou lavi a aprè lekòl segondè. Objektif li se bay yon estrikti debaz pou prepare timoun ou pou li ka viv, travay ak jwe nan kominote a, otan konplè ak endependan posib. Pandan pwoesisis sa, ou menm, timoun ou an, estaf lekòl, manm fanmi yo, ak/oubyen òganizasyon kominotè yo ap pataje enfòmasyon, mete nou dakò sou divès objektif, epi kreye yon plan pou lavi timoun ou an aprè lekòl segondè. Yo rive idantifye aktivite ansanm ak sèvis ki chita sou fòs, preferans ak enterè timoun ou a pou ede li atenn objektif li yo. Bagay sa yo rele **Seri Aktivite Tranzisyon ki Kowòdone yo (Coordinated Set Transition Activities)**. Pwoesisis fòmèl planifikasyon tranzisyon an kòmanse nan ane kote timoun ou a vin genyen 12 lane (oubyen pi bonè si sa apwopriye), nan moman yo fè premye evalyasyon pwofesyonèl la. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon konsènan evalyasyon pwofesyonèl yo nan seksyon: *Kisa Evalyasyon pou Tranzisyon ak evalyasyon Pwofesyonèl yo ye ?*

Pwoesisis fòmèl planifikasyon tranzisyon an kòmanse nan ane kote timoun ou vin genyen 12 lane (oubyen pi bonè si sa apwopriye).

Oto-Defans ak Motivasyon Pèsonèl

Se objektif, dezi ak kapasite timoun ou an ki ap dirije pwoesisis planifikasyon pou tranzisyon an. Pou timoun ou a kapab patisipe nòrmalman nan pwoesisis planifikasyon pou tranzisyon an, devlope konpetans oto-defans ak motivasyon pèsonèl enpòtan anpil. Konpetans oto-defans vle di aprann kòman pou pale pou tèt ou pou w kapab jwenn sa w bezwen. Konpetans sa kòmanse nan premye ane lè elèv yo devlope yon sans ki fè yo konnen kiyès yo ye (pran konsyans-tèt-yo) ak aprann mande èd. Se konpetans oto-defans ki kapab fè tout diferans lan nan kapasite yon jèn adilt pou li genyen yon eksperyans chaje ak siksè aprè lekòl segondè. Pa egzanp, timoun ou kapab bezwen pou li dikskite sou andikap li nan biwo sèvis elèv yo nan kolèj, fè demann pou akomodasyon pou kou inivèsite oubyen nan travay, oubyen mande enfòmasyon oubyen asistans lè l ap itilize transpò piblik.

Motivasyon pèsonèl se pwoesisis ki pèmèt yon moun kontwole pwòp vi li. Sa vle di elèv yo aprann fè chwa ak pran desizyon ki lye ak objektif yo epi ak fason yo pral atenn yo. Lè ou ede timoun ou pran desizyon epi lè ou ba yo chwa, sa pral ede yo santi ke yo gen kapasite. Lè yo vin pi gran, yo pral pi byen ekipe pou pran desizyon k ap bon pou lavi yo ak pou rekonèt ke vwa yo konte.

Valè Vwa Etidyan an nan Reyinyon IEP

Enplikasyon elèv nan reyinyon IEP a gen yon kantite avantaj ki ap sipòte pakou timoun ou a pou li rive gen kapasite oto-defans li ak motivasyon pèsònèl. Patisipasyon timoun ou a ak vwa li nan reyinyon IEP ede yo konprann andikap li, fòs li epi domèn akademik ansanm ak sosyal/emosyonèl li pral kontinye devlope. Reyinyon IEP se yon opòtinite pou elèv yo diskite objektif yo epi enfòme sou akomodasyon inik oswa modifikasyon ki disponib pou ede li atenn objektif li yo. Pandan timoun ou a ap vin pi gran, yo pral envite l nan reyinyon IEP (gade seksyon aprè a). Li vrèman itil pou ankouraje l jwe yon wòl aktif.

Kòm yon paran, kapab genyen moman pandan reyinyon IEP a kote ou bezwen diskite sijè san timoun ou a pa la. Ou kapab fè ekip IEP a konnen ke ou ta renmen pou timoun ou a gen yon patisipasyon limite.

**Enplikasyon elèv nan
reyinyon IEP gen yon
pakèt avantaj.**



Rezime Kondisyon pou Sèvis Tranzisyon yo

Lwa ak règleman federal ak eta yo pwoteje dwa timoun ki gen andikap ansanm ak fanmi yo pou asire ke tout timoun ki gen andikap jwenn aksè nan Edikasyon Piblik Apwopriye Gratis (Free Appropriate Public Education, FAPE). Lwa ak règleman sa yo founi kèk nòm ki apwopriye pou planifikasyon pou tranzisyon pou elèv ki gen andikap yo. Men kèk bagay ki garanti anba lwa ak règleman federal ak/oubyen eta :

- Yon evalyasyon pwofesyonèl dwe fèt pou elèv ki gen andikap nan ane kalandriye kote elèv la vin genyen 12 lane. Pou enfòme plis sou evalyasyon pwofesyonèl yo, gade seksyon *Kisa Evalyasyon pou Tranzisyon ak evalyasyon Pwofesyonèl yo ye ?* pi ba a.
- Kòmanse lè timoun lan gen 14 lane, ekip IEP a pral kòmanse egzamine objektif timoun ou a pou lavi aprè lekòl segondè. Bagay sa yo rele **objektif aprè lekòl segondè ou ka mezire**. Objektif sa yo konsantre sou edikasyon, anplwa ak konpetans pou viv endepandan (sinenesè). Nan menm tan sa a, ekip IEP a pral kòmanse detèmine yon **ansanm aktivite tranzisyon kowòdone** ki pral ede timoun ou a atenn objektif aprè lekòl segondè sa yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, li sekyon *Tranzisyon ak Pwogram Edikasyon Endividiyèl lan (Individualized Education Program, IEP)*.
- Lè gen yon ajans ki kapab founi oubyen finanse sèvis andeyò-lekòl la oubyen apre lekòl segondè, ekip IEP a pral mande konsantman w pou envite yon reprezantan ajans lan nan nenpòt reyinyon IEP kote y ap diskite zafè tranzisyon. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou kèk ajans nan seksyon *Resous ki nan lis anba Ajans Sèvis Tranzisyon ak Sistèm Sèvis pou Adilt yo*.

■ Yo dwe envite timoun ou a nan reyinyon IEP a pou diskite Sèvis Tranzisyon yo. Antanke yon manm esansyèl nan ekip IEP a, yoi pral kapab diskite fòs li, preferans li ak sa ki enterese I. Si li pa kapab patisipe nan reyinyon an, ekip IEP a dwe asire ke yo konsidere epi reflete preferans li ansanm ak sa ki enterese I nan IEP a.

Kisa evalyasyon tranzisyon ak evalyasyon pwofesyonèl yo ye ?

Tranzisyon ak evalyasyon pwofesyonèl ede timoun ou an reflechi sou sa li vle fè aprè lekòl segondè epi kòman li kapab rive fè yo. Yo sèvi avèk yo pou jwenn enfòmasyon sou kapasite timoun ou an, sou preferans li, sou konpòtman li, sou sa ki enterese li pou yo kapab idantifye objektif li pou lavni nan domèn edikasyon, pou lavi, pèsònèl, nan kominate ak karyè. Anplis, yo ede ekip IEP a kreye yon bon jan kalite IEP ak plan tranzisyon pou timoun ou an.

Evalyasyon pou Tranzisyon yo vize enterè, preferans ak konpetans timoun ou an. Yo founi enfòmasyon kle ki pral ede detèmine objektif timoun ou a pou lavi aprè lekòl segondè.

Evalyasyon pwofesyonèl yo se yon tip evalyasyon pou tranzisyon. Yo ede oumenm, timoun ou a, ansanm ak lekòl la pou pran desizyon enpòtan sou planifikasyon pou lavni timoun ou an ki chita sou fòs timoun ou an, enterè li yo ak sa li vle. Yo ede pwofesè yo tou konprann kòman timoun ou a fonksyon kounye a nan sa ki gen rapò ak opòtinite li kapab jwenn nan opòtinite karyè li alavni. Yo konsantre sou idantifye nivo kapasite timoun ou an, konpetans, ak sipò li bezwen.

Tout evalyasyon sa yo fèt pou sipòte ide "Motivasyon pèsonèl" la. Motivasyon pèsonèl vle di ke timoun ou a pral gen mo pa l pou di sou sa pakou li ap ye, patikilyèman nan sa ki gen pou wè ak edikasyon epi fòmasyon, anplwa ak lavi endepandan.

Evalyasyon pwofesyonèl yo kapab fòmèl oswa enfòmèl.

Evalyasyon enfòmèl yo kapab genyen entèvyou, kesyonè, obsèvasyon, envantè sou enterè, evalyasyon sou preferans ak envantè sou planifikasyon tranzisyon. Evalyasyon enfòmèl yo itilize a baze sou laj ak kapasite timoun ou a.

Evalyasyon fòmèl yo genyen ladan tès sou aptitud, tès sou pèfòmans ak tès ofisyèl. Rezulta evalyasyon yo genyen ladan yo yon konparezon ak lòt elèv ki gen menm laj ak timoun ou an. Yo itilize evalyasyon fòmèl yo pafwa lè evalyasyon enfòmèl yo pa founi ase enfòmasyon pou pèmèt lekòl yo kreye yon bon kalite plan tranzisyon pou timoun ou an.

Apati de ane kalandriye kote timoun ou an gen 12 lane, oumenm, timoun ou an ak lòt manm ekip planifikasyon an pral kòmanse pwosesis evalyasyon tranzisyon an avèk evalyasyon pwofesyonèl yo. Si timoun ou an gen plis pase 12 lane lè li resevwa premye IEP li, evalyasyon pwofesyonèl la pral fèt nan lè sa.

Evalyasyon Pwofesyonèl Nivo I

Evalyasyon Pwofesyonèl Nivo I se yon evalyasyon enfòmèl ki gen ladan l twa pati — yon pati pou elèv, yon pati pou paran ak yon pati pou pwofesè. Yon revizyon dosye lekòl yo fè pati evalyasyon sa a tou. Evalyasyon an kolekte enfòmasyon sou enterè timoun ou an, preferans ak objektif li yo pou lavi aprè gradyasyon ki gen ladan anplwa alavni, edikasyon ak fòmasyon. Yo mete Evalyasyon Pwofesyonèl Nivo I ajou lè sa nesesè avan chak reyinyon IEP.

Kòm paran, kontribisyon ou enpòtan pou pwosesis evalyasyon tranzisyon an. Asire w bay opinyon w nan evalyasyon Pwofesyonèl Nivo I an ak

nan nenpòt reyinyon IEP kote yo diskite evalyasyon sa yo.

Ou kapab jwenn echantyon Evalyasyon Pwofesyonèl Nivo I an nan *sipleman an*. Pou plis enfòmasyon, tankou plis echantyon sou evalyasyon pwofesyonèl, vizite sit Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (New York State Education Departement, NYSED) nan www.p12.nysed.gov/specialed/transition/level1careerassess.

Evalyasyon Pwofesyonèl Nivo II

Si ekip IEP a deside yo bezwen plis enfòmasyon toujou, yo kapab rekòmande yon Evalyasyon Pwofesyonèl Nivo II.

Yon Evalyasyon Pwofesyonèl Nivo II kapab ede pou detèmine nivo konpetans pwofesyonèl, fòs ak enterè yon elèv. Sa se yon evalyasyon fòmèl ki itilize yon enstriman regilye/ofisyèl ki teste konpetans ak kapasite. Li kapab genyen ladan l yon envantè enterè ansanm ak enfòmasyon an detay sou pèsepsyon, kapasite pou fè mouvman avèk manm ou ak abilité pou kenbe objè, espas, vèbal ak/oubyen konpreyansyon nimerik, atansyon ak/oubyen estil aprantisaj ki sòti nan yon evalyasyon fòmèl.

Evalyasyon Pwofesyonèl Nivo III

Yon evalyasyon pwofesyonèl patikilye, yo rele li pafwa yon Evalyasyon Pwofesyonèl Nivo III oubyen Evalyasyon pwofesyonèl Fonksyonèl, kapab fèt lè yon elèv ap patisipe nan yon eksperyans pwofesyonèl reyèl oubyen ki sanble eksperyans aprantisaj yo imite nan travay oswa ki gen yon djòb Eksperyans aprantisaj ki baze sou travay gen ladan yo estaj ki peye ak estaj ki pa peye, travay sèvis kominotè ak benevolà, ak travay ki peye. Nan yon evalyasyon pwofesyonèl patikilye, yo obseve elèv la pandan l ap reyalize aktivite ki gen rapò ak ak travay. Aprèsa, yo bay elèv la fidbak ki ap ede li devlope konpetans li yo pou li ka garanti yon eksperyans travay ki reyisi kounye a ak nan lavni. Evalyasyon Pwofesyonèl Nivo III kapab founi enfòmasyon itil pou soutni reyisit yon elèv kote l ap travay la.

Tranzisyon ak Pwogram Edikasyon Endividyèl lan (Individualized Education Program, IEP)

Sa ki vini aprè a eksplike seksyon nan IEP ki pi empòtan yo pou planifikasyon tranzisyon. Sepandan, yo pral pran an konsiderasyon enfòmasyon ki sòti nan evalyasyon pwofesyonèl ki nan tout IEP a. Pou jwenn enfòmasyon detaye sou IEP yo ak sou pwosesis edikasyon espesyal, gade Gid Fanmi pou Sèvis Edikasyon Espesyal pou Timoun ki gen laj pou ale Lekòl (Family Guide to Special Education Services for School-Age Children) nan www.schools.nyc.gov/specialeducation.

Nan reyinyon IEP yo, yo diskite ak planifye opsyon gradyasyon yo. Li vrèman empòtan pou sonje kritè pou chanje klas yo, kou yon elèv suiv yo epi si li patisipe nan evalyasyon altènativ ou estanda, tout sa yo genyen enpak sou opsyon gradyasyon yo ki disponib pou yon elèv. Yo dwe konsidere faktè sa yo nan chak reyinyon IEP pou asire ke elèv la sou wout pou li atenn objektif apre lekòl segondè li yo. Pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou opsyon ak kondisyon gradyasyon, tanpri ale sou <https://www.schools.nyc.gov/school-life/rules-for-students/graduation-requirements>.

Objektif Apre-lekòl Segondè yo ka mezire

IEP timoun ou an pral kòmanse genyen ladan I objektif yo ka mezire apre lekòl segondè k ap kòmanse lè timoun ou an gen 14 lane (oubyen nan yon laj ki pi jèn, si sa apwopriye). Objektif yo ka mezire apre lekòl segondè endike sa timoun ou an vle fè oubyen reyalize aprè lekòl segondè. Objektif apre lekòl segondè yo ka mezire pou pitit ou a soti nan evalyasyon tranzisyon ak pwofesyonèl yo.

Pandan reyinyon IEP a, ekip IEP a, ki gen ladan I ou menm ak timoun ou a (lè yo pral diskite sou tranzisyon), pral revize evalyasyon sa yo ak objektif apre lekòl segondè ti moun ou an. Li empòtan pou w konprann ke objektif timoun ou yo pou peryòd aprè lekòl segondè kapab chanje plizyè fwa toutotan enterè yo ap devlope. Se poutèt sa, yo revize objektif apre lekòl segondè yo epi aktyalize yo chak ane, menm jan ak rès IEP a. Objektif apre lekòl segondè ou ka mezire yo kapab nan domèn sa yo :

- Edikasyon/Fòmasyonn
- Travay
- Lavi Endependan (si nesesè)

Objektif Anyèl yo

Objektif anyèl yo dekri kisa yo atann pou timoun ou a reyalize nan yon ane. Objektif yo adapte ak kapasite akademik, sosyal ak fizik timoun ou a bezwen pou li ka atenn objektif li pou lavi apre lekòl segondè. Toude objektif yo ka mezire apre lekòl segondè yo ak objektif anyèl yo devlope dapre kalite endividyèl ak inik timoun ou a ak bezwen yo epi yo konekte ak enterè timoun ou a ak dezi pou lavi apre lekòl segondè.

Nan reyinyon IEP yo, yo diskite ak planifye sou opsyon gradyasyon yo.

Egzanp Objektif

Pandan objektif anyèl yo konsantre sou sa timoun ou a pral reyalize nan yon ane lekòl, objektif yo ka mezire apre lekòl segondè a konsantre sou sa timoun ou pral fè apre lekòl segondè. Chak timoun diferan, epi se konsa plan li pou lavi apre lekòl segondè a ye tou. Pi ba w ap jwenn echantyon twa plan inik apre-lekòl avèk objektif anyèl yo ka mezire apre lekòl segondè.

Egzanp 1 : Si elèv la vle kondwi kamyon komèsyal apre lekòl segondè, yo pral gen pou yo aprann teknik ki nesesè pou pase tès lisans chofè komèsyal la. Objektif anyèl elèv A ap sipòte objektif apre lekòl segondè li yo pou yo vin yon chofè komèsyal.

Objektif yo ka mezire Apre Lekòl Segondè : Apre li gradye nan lekòl segondè, elèv la ap jwenn yon travay aplen tan kòm yon chofè kamyon long distans.

Objektif Anyèl : Elèv la ap detèmine siyifikasyon mo ak ekspresyon yo jan yo itilize yo nan yon tèks ki pa fiksyon ak 75% presizyon nan 3 sou 4 esè, jan eksplikasyon vèbal eksplike.

Egzanp 2 : Si Elèv B a vle ale nan yon kolèj 4 ane epi etidye Biyoloji Maren apre lekòl segondè, Elèv B ap pran kou k ap prepare l pou li travay nan domèn Biyoloji Maren, ki mande yon konpreyansyon avanse nan matematik ak syans. Objektif anyèl elèv B a ap sipòte objektif apre lekòl segondè yo ki se ale nan yon kolèj 4 lane ak etidye Biyoloji Maren.

Objektif yo ka mezire Apre Lekòl Segondè : Apre li gradye nan lekòl segondè, Elèv B a prale nan yon kolèj 4 lane epi etidye Biyoloji Maren.

Objektif Anyèl : Elèv B ap rezoud ekwasyon rasyonèl ak radikal ak yon varyab, idantifye solisyon ki pa satisfè ekwasyon oriijinal la epi eksplike repons yo ak 80% presizyon nan 3 sou 4 esè.

Egzanp 3 : Si Elèv C vle viv ak travay endependan apre lekòl segondè, li ap bezwen etabli woutin ki pral gide abitid ak pratik ki nesesè yo pou viv endependan.

Objektif yo ka mezire Apre Lekòl Segondè : Lè li fini lekòl segondè, Elèv C ap prepare pou travay poukонт li chak jou, tankou abiye, fè manje midi, epi pran transpò piblik.

Objektif Anyèl : Nan yon ane, Elèv C ap kapab itilize yon orè chak jou nan mete foto senbòl la sou orè a nan lòd kòrèk la, ak yon maksimòm yon sèl rapèl pou chak esè.

Seri Aktivite Tranzisyon ki kowòdone

Seri Aktivite Tranzisyon ki kowòdone
yo se aktivite ak sèvis ki pral ede timoun ou gen konpetans ki nesesè pou satisfè objektif li yo. Ekip IEP timoun ou a ap kòmanse konsidere yon Seri Aktivite Tranzisyon ki kowòdone apati laj 14 lane (oubyen nan yon laj ki pi piti, si sa apwopriye). Aktivite ak sèvis sa yo baze sou bezwen endividyèl timoun ou an, fòs,

preferans, ak enterè li. Pou chak aktivite, moun ki responsab pou aktivite oswa sèvis yo, anjeneral se lekòl la oswa yon lòt ajans yo idantifye.

Seri Aktivite Tranzisyon ki kowòdone yo divize an sis kategori. Yo eksplike sis kategori yo anba a avèk egzanz aktivite ak sèvis pou chak kategori. Aktivite ak sèvis tranzisyon yo inik pou chak elèv, kidonk egzanz ki anba yo se yon ti fraksyon nan sa aktivite ak/oswa sèvis yo ka gen ladan yo nan IEP timoun ou a.

Enstriksyon

Enstriksyon gen ladan kou, trening konpetans, ak/oswa plis eksperyans edikasyon timoun ou a ka bezwen pou li kapab reyalize plan apre lekòl li yo.

Egzanp:

- Patisipe nan kou teknik pou etidye yo pou aprann kijan pou kenbe yon delè pou devwa ak praktike kijan pou sèvi avèk estrateji òganizasyonèl
- Rankontre regilyèman ak konseye pedagojik lekòl segondè pou ranpli dokiman nesesè pou admisyon nan kolèj
- Patisipe nan kou preparasyon Regent yo nan Anglè, matematik, syans ak istwa
- Kolekte enfòmasyon sou kondisyon akademik pou pwogram karyè nan kolèj nan kominotè yo
- Enskri nan yon kou pou lavi endepandan pou kontinye praktike konpetans pou pran swen tèt ou
- Kontinye trening Trajè pou aprann wout transpò pou soti travay ak lekòl la

Sèvis ki ede ak andikap (*Related Services*)

Related services se sèvis tankou konsèy, Terapi okipasyonèl, terapi fizik ak/oswa terapi diskou ak langaj ke timoun ou a ka bezwen travay pou rive nan objektif apre lekòl segondè li yo.

Egzanp:

- Sèvis pou langaj pou amelyore konpetans kominikasyon ekspresif ak jeneralize teknik kominikasyon nan divès anviwònman.
- Trening pou mobilite ak oryantasyon pou kapab mache soti nan lekòl pou rive lakay ak nan lokal benevol a
- Terapi fizik pou ede elèv ogmante andirans chita ak kontwole twon

Eksperyans Kominotè

Eksperyans ki baze nan kominote yo se eksperyans oswa resous kominote a (pa egzanp, travay apre lekòl, aktivite rekreyasyon kominotè, itilizasyon òganizasyon ki baze nan kominote) timoun ou ka bezwen prepare l pou l patisipe nan lavi kominote a.

Egzanp:

- Volontè nan yon lopital oswa lòt lokal volontè
- Jwenn ak ranpli yon aplikasyon pou yon kat bibliyotèk gratis
- Jwenn yon lisans chofè oswa kat idantite ki pa pou chofè
- Ouvri yon kont labank
- Enfòme sou resous kominotè ak vizit tankou nan bibliyotèk, biwo lapòs, ak resous ak pwogram rekreyatif lokal
- Demontre konpreyansyon sou fason pou jwenn ak asire lojman apre ou fin diplome nan lekòl segondè

Objektif pou Travay ak Lòt Objektif pou Viv Kòm yon Adilt Apre Lekòl

Sa yo se sèvis oswa aktivite ki gen rapò ak eksplorasyon karyè, trening konpetans, travay, oswa aprantisaj ki baze sou travay timoun ou ta ka bezwen pou reyalize plan apre lekòl li.

Egzanp:

- Rechèch travay nan domèn li prefere ak kondisyon pou chak
- Pratike ranpli aplikasyon pou travay ak konpetans entèvyou
- Ekri yon echantyon rezime ak lèt motivasyon
- Aplike pou jwenn papye travay
- Enfòme plis sou sant karyè nan katye w la ak ki sèvis yo ofri
- Jwenn enfòmasyon ak vizite pwogram pwofesyonèl ou chwazi
- Patisipe nan yon eksperyans aprantisaj ki baze sou travay
- Detèmine kalifikasyon pou Reyadapsyon Pwofesyonèl Sèvis Karyè ak Edikasyon Kontini pou Adilt (Adult Career and Continuing Education Services - Vocational Rehabilitation, ACCES-VR)
- Detèmine kalifikasyon pou sèvis atravè Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlòpmantal (Office of People with Developmental Disabilities, OPWDD) oswa Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH)
- Detèmine kalifikasyon pou sèvis transpò Vil Nouyòk tankou Access-A-Ride

Akizisyon Konpetans pou Lavi Chak Jou (si sa aplikab)

Sèvis oswa aktivite ki pral ede timoun ou a ranfòse kapasite pou lavi chak jou. Konpetans pou lavi chak jou ka abiye, ijjèn, konpetans pou pran swen tèt ou, prepare manje, kenbe yon kay ak peye bòdwo.

Egzanp:

- Vizite divès opsyon lojman pou adilt/lojman yo sipòte
- Jere orè tan chak jou
- Prepare yon echantyon bidjè mansyèl pou depans pou viv
- Achte manje ak prepare yon repa
- Detèmine yon ajans kominotè ki bay adilt trening konpetans pou lavi chak jou

Evalyasyon Pwofesyonèl Fonksyonèl (si sa aplikab)

Nenpòt Evalyasyon Pwofesyonèl Nivo III timoun ou ka bezwen pou detèmine fòs, kapasite ak bezwen timoun ou nan yon vre anviwònman travay oswa nan yonn ki pa reyèl.

Egzanp:

- Patisipe nan yon Evalyasyon Pwofesyonèl Nivo III nan estaj aktyèl la
- Evalye pèfòmans elèv pandan travay ki gen rapò ak anplwa

Wòl Planifikasyon pou Tranzisyon yo

Sa ki annapre yo eksplike wòl chak manm ekip IEP yo jwe nan pwosesis planifikasyon IEP pa rapò ak planifikasyon tranzisyon an. Anplis, tout lekòl presegondè ak lekòl segondè Vil Nouyòk yo oblige idantife yon lidè Ekip Tranzisyon pou ede bay ekip la lidèchip ak direksyon pou asire yo satisfè bezwen tranzisyon elèv yo epi ke yo sou chemen pou siksè apre lekòl segondè.

Wòl Elèv la :

- Enfòme sou pwosesis planifikasyon tranzisyon an
- Ranpli pati pa yo nan evalyasyon pwofesyonèl yo
- Eksplore enterè ak opsyon pwofesyonèl oswa opsyon karyè ki posib yo
- Devlope konpetans oto-defans yo (pa egzanp, yo ta dwe aprann eksprime enterè yo, preferans yo ak objektif yo)
- Reflechi sou fòs ak bezwen yo pou detèmine opsyon gradyasyon ki pi apwopriye a
- Idantife kou ki apwopriye yo ak konseye karyè ak/oswa lekòl la
- Enfòme sou andikap yo ak kijan yo ka resevwa sipò apre lekòl segondè, si sa apwopriye
- Patisipe aktivman nan reyinyon IEP yo
- Poze kesyon sou kondisyon gradyasyon yo, opsyon diplòm yo, ak nenpòt lòt bagay



Wòl Paran yo :

- Enfòme sou pwosesis planifikasyon tranzisyon an
- Pataje obsèvasyon, panse, ak enkyetid ou genyen yo sou fòs timoun ou, bezwen, ak preferans li yo ak lekòl la ak ekip IEP a
- Ranpli pòsyon paran an nan evalyasyon pwofesyonèl la
- Ede timoun ou eksploré enterè aktyèl yo ak objektif nan lavni yo
- Defann timoun ou a epi ede l devlope kapasite oto-defans
- Enfòme sou kondisyon gradyasyon yo, wout diplòm, opsyon apre lekòl, ak resous yo (*Gade Opsyon Gradyasyon ak Kalifikasyon pou plis enfòmasyon*)
- Detèmine asistans timoun ou a ap bezwen pou vin plis endependan posib
- Identifie moun, ajans kominotè yo, ak lòt resous ki ka ede timoun ou a attèn objektif li yo

- Si yo idantifye yon ajans k ap patisce, konsidere bay konsantman ou pou envite yon reprezantan ajans lan nan reyinyon IEP (*Revize seksyon Resous Ajans Sèvis Tranzisyon ak Sistèm Sèvis pou Adilt yo*)
- Patisce aktivman nan reyinyon IEP timoun ou yo
- Kenbe dosye sèvis ak aktivite ki gen rapò ak tranzisyon an
- Poze kesyon

Wòl Pwofesè / Responsab Dosye a :

- Ede timoun ou a eksploré objektif pou lavi apre lekòl segondè
- Bay differan evalyasyon tranzisyon pou enfòme sou pwen fò timoun ou yo, bezwen, enterè, ak preferans ki gen rapò ak edikasyon, travay, ak lavi endependan
- Travay avèk timoun ou pou devlope objektif yo ka mezire apre lekòl segondè
- Angaje timoun ou nan yon seri aktivite tranzisyon ki kowòdone ki adapte ak objektif yo

- Vin abitye avèk ajans deyò yo ak pwogram yo genyen epi konekte fanmi yo ak ajans ki enpòtan yo, lè sa apwopriye
- Kowòdone reyinyon IEP ki gen ladan tout moun ki gen enterè yo
- Angaje ou nan pwosesis la, tankou resevwa konsantman lè li nesesè (pa egzanp, pou envite yon ajans k ap patisipe)
- Bay enstriksyon klè sou motivasyon pèsònèl ak konpetans oto-defans yo
- Bay konsèy sou dwa moun ki gen andikap yo
- Ankouraje timoun ou a pou li kominike ak pèsònèl lekòl la sou pwogrè ki fèt nan objektif IEP yo

Wòl Konseye Lekòl la :

- Evalye enterè karyè timoun ou a ak konpetans li pou pran wout karyè li vle a
- Devlope yon plan pou tan timoun ou pase nan lekòl segondè
- Devlope / mete ajou plan tranzisyon anyèl timoun ou a, ansam ak timoun ou ak lòt manm ekip IEP yo
- Dirije konvèrsasyon sou fòs, enterè, bezwen ak preferans timoun ou a
- Diskite sou kondisyon gradyasyon, wout diplòm yo, opsyon apre lekòl, ak resous avèk oumenm ak timoun ou
- Bay konsèy sou kou yo ki pral ede timoun ou a atenn objektif li yo

Wòl Reprezantan Ajans Sèvis

Tranzisyon an:

Yon **Ajans Sèvis Tranzisyon** (ke yo rele tou yon "ajans k ap patisipe") se yon ajans ki gen anpil chans pou bay oswa peye pou sèvis apre timoun ou kite lekòl segondè. Si nenpòt ajans gen chans pou responsab pou bay oswa pou peye sèvis yo, lekòl timoun ou a ta dwe ede ou idantifye ajans sa a epi yo pral mande konsantman ou pou envite yon reprezantan nan ajans sa a nan reyinyon IEP timoun ou. Pou plis enfòmasyon sou ajans k ap patisipe yo, gade nan seksyon *Resous nan Ajans Sèvis Tranzisyon an ak Sistèm Sèvis pou Adiltyo.*

- Patisipe nan reyinyon IEP yo, lè yo envite ou
- Si ajans k ap patisipe a pa patisipe nan reyinyon IEP a lè yo envite l, reprezantan ajans k ap patisipe a ta dwe patisipe nan planifikasyon sèvis tranzisyon yo
- Patisipe aktivman avèk lòt manm ekip IEP yo pou asire ke genyen yon konpreyansyon komen sou plan ak sèvis yo
- Bay enfòmasyon sou resous ak sipò ki disponib pou ede timoun ou atenn objektif li yo
- Bay sèvis ak sipò nesesè pou ede timoun ou a atenn objektif yo
- Eksplike sèvis yo ka bay apre timoun ou kite lekòl segondè

Lis Verifikasyon Planifikasyon pou Tranzisyon

Preparasyon pou lavi apre lekòl segondè


Li pa janm twò bonè pou kòmanse ede timoun ou prepare I pou yon vi reyisi. Planifikasyon pou tranzisyon se pwoesis yo itilize pou asire ke elèv ki te benefise Pwogram Edikasyon Endividyèl yo (Individual Education Program, IEP) prepare pou afwonte lavi a aprè lekòl segondè. Depatman Edikasyon Vil

Nouyòk pran angajman pou prepare tout elèv pou sòti nan lekòl segondè prepare pou karyè, kolèj, trening pwofesyonèl, ak/oswa lavi endependan. Planifikasyon tranzisyon an ede timoun ou fè chwa, devlope objektif, epi etabli yon plan pou reyalize yo. Sa a se kle pou fè lekòl enpòtan pou avni timoun ou a kòm yon adilt. Ou ka itilize lis verifikasyon sa a pou sipòte timoun ou nan tout diferan etap nan pwoesis planifikasyon tranzisyon an.

Lis Verifikasyon Planifikasyon pou Tranzisyon

Lis verifikasyon sa a pral ede ou menm ak timoun ou prepare avni timoun ou apre lekòl segondè. Konpetans, fòs, bezwen, ak enterè timoun ou ap detèmine ki atik sou lis verifikasyon sa a ki enpòtan. Se pa atik yo ki kapab enpòtan pou timoun ou.

Li pa janm twò bonè pou kòmanse ede timoun ou prepare I pou yon vi reyisi.



Anvan Laj 12 an

- Entwodwi ak ekspoze timoun ou a yon aryete travay, aktivite ak pastan. Sa ap ede timoun ou detèmine enterè li.
- Ankouraje li fè chwa. Sa a pral ankouraje endependans epi ede timoun ou devlope kapasite pou pran desizyon.
- Ankouraje timoun ou pou li mande èd kòrekteman lè li nesesè. Jwe wòl avèk timoun ou pou ede yo ranfòse konpetans yo pou mande èd nan diferan sitiayson. Sa ap ede timoun ou aprann pale pou tèt yo pou satisfè bezwen yo.
- Ede timoun ou aprann travay ak jwe an kolaborasyon avèk lòt moun.

Laj 12 – 14 an

- Entwodui epi pale sou planifikasyon pou tranzisyon avèk timoun ou a. Pale ak timoun ou sou IEP yo ak sou reyinyon IEP yo, pou yo ka kòmanse vin pi enplike lè sa apwopriye.
- Pale ak timoun ou sou enterè, dezi, ak objektif li yo. Ba yo opòtinite pou eksploré enterè yo. Pa egzanp, si timoun ou a enterese nan yon domèn patikilye, ankouraje li enfòme plis sou domèn sa a.
- Pandan ane ke timoun ou a vin gen 12 lane, li pral ranpli pati elèv lan, epi ou pral ranpli pati paran an, nan premye evalyasyon pwofesyonèl lan. Yo pral sèvi ak enfòmasyon ki soti nan evalyasyon sa a pou ede kreye yon plan tranzisyon pou timoun ou.
- Bay opòtinite pou ogmante endependans ak responsabilite nan kay lan. Pale ak timoun ou an ak pwofesè timoun ou yo sou opòtinite yo pou plis responsabilite nan lekòl la.
- Bay timoun ou opòtinite pou eksploré yon gran varyete aktivite kominotè a ak lwazi.
- Rasanble dokiman enpòtan yo tankou batistè timoun ou, kat sekirite sosyal, foto idantite, enfòmasyon medikal, ak IEP pou pòtfolyo Tranzisyon li.
- Pale sou chwa lekòl segondè avèk timoun ou a, konseye pedagojik la, ak lòt anplwaye nan lekòl timoun ou a. Patisipe nan fwa lekòl segondè epi eksploré lekòl segondè yo ki ka bon pou timoun ou a. Detèmine si Lekòl Edikasyon pwofesyonèl ak Teknik (Career and Technical Education, CTE Schools) ak/oswa Lekòl Segondè Espesyalize yo bon pou timoun ou an. Gen kèk lekòl ki gen kondisyon espesyal pou antre ladan yo, ke ou ka enfòme sou yo nan <https://www.schools.nyc.gov/enrollment/enroll-grade-by-grade/specialized-high-schools>. Si timoun ou fini avèk siksè yon pwogram etid CTE eta a apwouve, yo ka resevwa yon diplòm CTE regent apwouve.

Laj 14 –17 an

- Ankouraje timoun ou a kontinye eksploré aktivite kominotè ak lwazi ki enterese yo. Paegzanp, ankouraje timoun ou a patisipe nan aktivite sèvis kominotè yo oswa rantre nan yon ekip espò. Konprann ke enterè ak objektif yo ap gen chans chanje avèk tan an.
- Pale ak timoun ou an sou wòl yo nan reyinyon IEP an epi ankouraje patisipasyon yo. Apati laj 14 lane, y ap envite timoun ou a nan reyinyon IEP yo.
- Travay avèk timoun ou a ak ekip IEP a pou kreye objektif tranzisyon yo epi idantifye aktivite ak sèvis yo ki pral ede timoun ou an atenn objektif li yo.
- Travay avèk timoun ou a ak ekip IEP a pou devlope plan tranzisyon timoun ou a. Plan sa a ta dwe detaye objektif timoun ou a pou lavi apre lekòl segondè ak ki jan yo pral rive atenn yo.
- Ankouraje timoun ou pran avantaj eksperyans aprantisaj ki baze sou travay. Pale ak lidè ekip tranzisyon an nan lekòl timoun ou an konsènan opòtinite ki disponib yo.
- Ankouraje timoun ou an pou li konsidere travay ak eksperyans volontè. Pa egzanp, Pwogram Travay Ete pou Jèn (Summer Youth Employment Program, SYEP) ofri eksperyans travay pandan ete a pou elèv ki gen laj 14 ak 21 lane.
- Enfòme sou diferan opsyon gradyasyon ak kalifikasyon tankou Developman Karyè ak Etid Pwofesyonèl (Occupational Studies, CDOS) kalifikasyon gradyasyon. Gade seksyon *Opsyon Gradyasyon ak Kalifikasyon yo* pou plis enfòmasyon.
- Pale avèk timoun ou an ak anplwaye lekòl lan ki pakou gradyasyon ki pi apwopriye pou timoun ou an.
- Rankontre regilyèman ak timoun ou a ak karyè li ak/oswa konseye lekòl la pou idantifye kou ki apwopriye yo ak/oswa egzamen Regents yo pou asire ke timoun ou a sou wout pou gradye ak jwenn diplòm oswa kalifikasyon li te espere an.
- Eksploré epi konekte ak ajans ekstèn yo tankou OPWDD ak ACCES-VR lè sa apwopriye. Gade *Ajans Sèvis Tranzisyon ak Sistèm Sèvis pou Adilt* yo nan seksyon Resous yo pou plis enfòmasyon.
- Si timoun ou pra l fè egzamen PSAT, SAT, oswa Plasman Avanse (Advanced Placement, AP), detèmine ki moun ki se Kowòdonatè Sèvis pou Elèv ki gen Andikap (Services for Students with Disabilities, SSD) timoun ou an. Bay konsantman pou mande akomòdasyon College Board yo. Nou ankouraje w fè demann sa a depi nan klas 9yèm ane. Yon fwa College Board la apwouve akomodasyon sa yo, yo rete an vigè pandan timoun ou a nan lekòl segondè.
- Eksploré ak aplike pou opsyon kolèj, pwofesyonèl ak lavi endepandan jan sa apwopriye pou timoun ou a.
- Detèmine si timoun ou bezwen trenning Trajè pou l enfòme sou kijan pou l vwayaje poukонт li nan transpò piblik. Kontakte Biwo trening Trajè (Travel Training) la si ou enterese. Gade <https://schools.nyc.gov/special-education/school-settings/district-75/district-75-programs> pou enfòmasyon.



Laj 17 -21 an

- Revize seksyon anvan an, *laj 14-17 lane*, asire ke atik ki enpòtan yo konplè oswa sou pye.
- Rankontre avèk konseye pedagojik timoun ou a pou asire ke yo sou bon chemen pou jwenn diplòm gradyasyon an ak/oswa kalifikasyon ki te konvni an, ak pou asistans avèk aplikasyon pou kolèj jan sa apwopriye.
- Konekte ak nenpòt ki ajans oswa òganizasyon ki pral bay sèvis, trening, oswa edikasyon apre timoun ou a gradye oswa vinn twò gran pou lekòl segondè.
Gade Ajans Sèvis Tranzisyon ak Sistèm Sèvis pou Adilt yo nan seksyon Resous pou plis enfòmasyon.
- Revize Rezime pou Sòti Elèv (Student Exit Summary) timoun ou an. Y ap ba ou li pandan dènye ane lekòl timoun ou an. Rezon Rezime pou Sòti a se pou bay yon rapò alekri ki gen enfòmasyon enpòtan sou konpetans timoun ou an ak domèn kote yo bezwen sipò ak rekòmandasyon pou favorize yon tranzisyon a yon lavi adilt, aprantisaj ak travay ki reyisi.
- Anvan timoun ou gradye nan lekòl segondè, w ap resevwa yon avi alekri ki idantifye diplòm oswa kalifikasyon timoun ou an ap resevwa a epi enfòme w ke timoun ou a pa kalifye ankò pou resevwa yon Edikasyon Piblik Apwopriye Gratis (Free Appropriate Public Education, FAPE) apre gradyasyon. Sepandan, si timoun ou a kite lekòl segondè avèk swa Kalifikasyon Gradyasyon Developman Karyè ak Etid Pwofesyonèl (Career Development and Occupational Studies, CDOS) oswa Kalifikasyon Gradyasyon Konpetans ak Akonplisman (Skills and Achievement Commencement Credential, SACC) kòm sèl kalifikasyon sòti yo, w ap resevwa yon avi ekri ki deklare ke yo kalifye pou ale lekòl nan ane lekòl la kote yo vinn gen 21 lane. Gade seksyon ki anba la a sou *Opsyon Gradyasyon ak Kalifikasyon yo pou eksplikasyon sou kalifikasyon sa yo.*

Opsyon Gradyasyon ak Kalifikasyon yo

Yo ofri twa diplòm lekòl segondè nan Eta New York: Regents Avanse, Regents yo, ak diplòm lokal la. Nou ankouraje elèv ki gen IEP yo pou ale dèyè opsyon diplòm ki pi solid la. Tout diplòm yo egzije pou elèv yo resevwa 44 kredi nan matyè espesifik yo epi pase kou nan lang konpozisyon Anglè a (English language arts, ELA), matematik, syans sosyal, ak syans. Nan kèk sikonstans, elèv ki gen IEP yo ka kalifye pou yo resevwa yon diplòm lokal atravè opsyon Safety Net, ki enkli, pèmèt yo gradye ak nòt egzamen ki pi ba. Elèv ki elijib pou Safety Net ka gradye avèk nòt ba tankou 45 nan kèk egzamen, toutotan yo konpanse nòt sa yo avèk yon nòt 65 oswa plis nan yon lòt egzamen. Pou plis enfòmasyon sou opsyon sa a elèv yo dwe mande lekòl yo ye a ransèyman sou opsyon nòt pou konpanse nòt ba. Lòt opsyon safety net ki abouti a yon diplòm lokal enkli kalifikasyon pou kontestasyon

safety net lan (de nòt 52-54 nan egzamen Regents yo) ak kalififye pou detèminasyon pou gradyasyon yon sipèèntandan. Opsyon detèminasyon sipèèntandan an pèmèt elèv ki gen IEP yo gradye ak yon diplòm lokal apre revizyon yon sipèèntandan pou detèmine konpetans akademik nan matyè yo nan egzamen Regents yo elèv la pa t kapab pase yo. Se sèlman pou elèv ki otremans pa kapab gradye atravè fleksibilite egzamen Safety Net ki ekziste yo.

Pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou opsyon ak kondisyon gradyasyon yo, tanpri ale sou <https://www.schools.nyc.gov/school-life/rules-for-students/graduation-requirements>.



Kondisyon yo pou Diplòm

Pou pran yon diplòm, elèv yo dwe gen 44 kredi.

8 Kredi Anglè	8 kredi Syans Sosyal	4 nan Istwa Jeneral 2 nan Istwa Etazini, 1 nan Gouvènman ak 1 nan Ekonomi
6 Kredi Matematik (omwen 2 kredi nan Matematik Avanse)	6 Kredi Syans (minimòm 2 Syans Lavi ak 2 Syans Fizik)	2 Kredi Lòt Lang ki pa Anglè (6 kredi pou Diplòm Regents Avanse)
2 Kredi Atizay (Arts)	4 Kredi Edikasyon Fizik	1 Kredi Sante
7 Kredi Ochwa (3 kredi pou diplòm Regents Avanse)		

Yon elèv ki gen yon andikap ka pa oblige satisfè kondisyon lang ki pa Angle si IEP yo di ke li pa apwopriye akòz andikap yo.

Yo prepare Pwogram Kalifikasyon Gradyasyon Developman Karyè ak Etid Pwofesyonèl (Career Development and Occupational Studies, CDOS) lan pou rekonèt konesans ak kapasite elèv ki montre ke yo prè pou kòmanse yon karyè suivan estanda aprantisaj yo nan CDOS nan Eta Nouyòk la. Li disponib pou ni etidyan ki gen IEP yo ni sa ki pa genyen yo. Li enpòtan anpil pou eksperyans developman pwofesyonèl sa yo konplete, epi pa ranplase, yon pwogram akademik rich ak opòtinite pou genyen yon diplòm lekòl segondè. Lekòl yo ta dwe ofri etidyan yo aprantisaj ki baze sou travay ki alinyen ak CDOS ak eksperyans CTE

ansanm ak kou akademik ki obligatwa pou yon diplòm.

Nou rekòmande pou elèv kalifye yo resevwa kalifikasyon gradyasyon CDOS kòm yon andòsman — sa vle di, anplis de — yon diplòm lekòl segondè. Yo ka itilize konpetans CDOS tankou opsyon "+1" si yon elèv pase 4 egzamen Regents, ki konplete kondisyon tès la pou elèv la. Nan yon lòt sans, si timoun ou a te pase omwen yon egzamen Regents ELA, Matematik, Syans ak Syans Sosyal, lè sa a, konplete CDOS la avèk siksè ka itilize kòm egzamen adisyonèl nesesè pou nenpòt ki kalite diplòm.

Elèv ki pa kapab resevwa yon diplòm lekòl segondè ka resevwa kalifikasyon CDOS kòm yon opsyon ki pa diplòm. Kalifikasyon CDOS poukонт li **pa** ekivalan yon diplòm lekòl segondè. Antanke yon kalifisyon poukонт li ke li jwenn nan plas yon diplòm lekòl segondè, CDOS pa garanti travay lè yo mande yon diplòm epi pa kalifye elèv la pou antre nan lame oswa plizyè enstitisyon apre lekòl segondè. Si timoun ou a kite lekòl segondè ak Kalifikasyon Gradyasyon CDOS kòm sèl kalifikasyon sòti, w ap resevwa yon avi alekri ki deklare ke yo kalifye pou ale lekòl nan ane lekòl yo vinn gen 21 lane an.

Si timoun ou a ap patisipe nan aktivite pou rive jwenn kalifikasyon CDOS lan, yo pral ranpli yon pwofil kapasite travay. Yo itilize pwofil kapasite travay yo pou montre konpetans ki gen rapò ak travay ak konesans teknik timoun ou an te aprann pandan eksperyans aprantisaj ki baze sou travay yo. Pwofil kapasite travay la mezire pèfòmans timoun ou a nan domèn tankou prezans, aparans nan espas travay, kalite travay, ak koperasyon ak lòt moun epi yon moun ki pèsònèlman gen konesans sou konpetans timoun ou a dwe ranpli li.

Kalifikasyon Gradyasyon
Konpetans ak Akonplisman (Skills and Achievement Commencement Credential, SACC) disponib sèlman pou elèv ki patisipe nan Evalyasyon Altène Eta New York la (New York State Alternate Assessment, NYSAA). SACC a se yon kalifikasyon ki pa diplòm, epi yo pa bay elèv ki gen kapasite pou pouswiv opsyon diplòm lokal yo ak sa Regents andose yo.

Ekip IEP yo detèmine elijibilite elèv ki gen andikap yo pou yo patisipe nan evalyasyon estanda oswa altène yo. Detèminasyon sa a fèt sou yon baz endividiyèl. Elèv ki kalifye pou evalyasyon altène yo se moun ki gen "andikap koyitif

grav konbine avèk limit konpòtman ak oswa fizik epi ki bezwen edikasyon trè espesyalize ak/oswa sèvis sosyal, sikolojik, ak medikal pou maksimize tout potansyèl yo pou patisipasyon itil ak siyifikatif yo nan sosyete a ak pou pwòp pwogrè yo."

Si timoun ou patisipe nan evalyasyon altène olye de egzamen Regents yo, yo pap kalifye pou yon diplòm lekòl segondè. Yo ap kalifye pou SACC, ki mande omwen 12 zan edikasyon (san konte kindergarten).

Menm jan ak kalifikasyon CDOS lan, SACC **pa** ekivalan yon diplòm lekòl segondè. SACC a pa garanti travay lè yo mande yon diplòm epi pa kalifye elèv la pou antre nan lame oswa plizyè enstitisyon apre lekòl segondè. Si timoun ou a kite lekòl segondè ak SACC kòm sèl kalifikasyon sòti yo, w ap resevwa yon avi alekri ki deklare ke yo kalifye pou ale lekòl nan ane lekòl yo gen 21 lane an.

Pou plis enfòmasyon sou opsyon gradyasyon ak diplòm, gade Elèv ki gen andikap yo: Kondisyon pou Gradyasyon Apre Lekòl Segondè ak Depatman Edikasyon Vil Nouyòk nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/rules-for-students/graduation-requirements>.

Konsiderasyon Priyorite ki Depann sou Objektif apre Lekòl Segondè yo

Planifye pou Ale Kolèj

Si timoun ou a ap planifye pou ale kolèj, gen yon seri etap kritik pou w pran pou vin pare pou kolèj.

Nou ankouraje elèv yo pou yo :

- Pran kou enteresan ak difisil nan preparasyon pou kolèj, tankou kou Plasman Avanse lè sa apwopriye.
- Rankontre avèk konseye lekòl yo ak lidè ekip tranzisyon yo epi ale nan atelye elèv/paran Sant Pou Tranzisyon Ak Aksè Nan Kolèj. Diskite sou objektif, tankou objektif pwofesyonèl ak edikasyon, pwogram etid, ak egzijans kolèj, ki enkli pwosesis admisyon ak nenpòt tès estanda egzije pou admisyon.
- Rankontre regilyèman ak konseye lekòl yo pou asire ke kou etid yo koresponn ak objektif yo pou ale kolèj epi yo sou chemen pou resevwa pi gwo diplòm posib lan.
- Chache divès opsyon kolèj.
- Eksplore trening trajè ak bezwen vwayaj endepandan si sa aplikab.
- Patisipe aktivman nan reyinyon IEP yo. Vin konfòtab ak gen konesans sou andikap yo ak sou kijan li afekte aprantisaj yo, epi defann yo pou sa yo bezwen pou yo aprann pi byen.

Nou ankouraje paran yo pou yo :

- Asire w ke ou konnen ki moun ki se Kowòdonatè Sèvis pou Elèv ki gen Andikap (Services for Students with Disabilities, SSD) nan lekòl timoun ou a epi kontakte yo konsènan nenpòt akomodasyon tès ke timoun ou a ka bezwen nan egzamen PSAT, SAT, oswa AP yo.
- Se pou w yon patisipan aktif pandan reyinyon IEP yo ; vin konfòtab ak gen konesans sou andikap timoun ou a ak metakonisyon (enfòme sou pwòp aprantisaj yo) pou sipòte oto-defans.
- Chache kolèj ki gen ladan sipò ki disponib pou elèv ki gen andikap.
- Chache pwosesis aplikasyon pou kolèj ak pwosesis èd finansye.
- Asire ke timoun ou a ap konplete kredi obligatwa yo epi pase egzamen obligatwa Regents yo pou resevwa pi gwo diplòm posib.
- Eksplore trening trajè ak bezwen vwayaj endepandan si sa aplikab.
- Prepare timoun ou a pou diskite sou andikap yo nan yon biwo sèvis etidyan kolèj epi mande akomodasyon pou klas kolèj yo, pwiske IEP timoun ou a pa pral aplike nan kolèj.

Planifye pou Ale nan Lekòl Pwofesyonèl oswa Antre nan Mache Travay la

Si timoun ou a ap planifye pou ale nan lekòl pwofesyonèl oswa antre nan mache travay la touswit apre lekòl segondè, gen yon kantite etap kritik pou w pran pou vin pare pou karyè/pwofesyon.

Nou ankouraje elèv yo pou yo :

- Anvizaje patisipe nan yon lekòl oswa pwogram Edikasyon Pwofesyonèl ak Teknik (Career and Technical Education, CTE) oswa enskri nan kou difisil ki koresponn ak objektif karyè yo. Si timoun ou a ale nan yon lekòl ak/ oswa pwogram CTE, yo pral pran yon minimòm de 7 kredi nan kou teknik yo.
- Patisipe nan eksperyans aprantisaj ki baze sou travay oswa estaj ki bay ekspozisyon nan liy travay yo vle a. Gen kèk egzanz komen tankou aktivite eksplorasyon karyè, obsèvasyon travay, aprantisaj sèvis, antrepriz ki baze sou lekòl, Pwogram Travay Ete pou Jèn (Summer Youth Employment Program, SYEP), ak Pwogram Opòtinitè Tranzisyon (Transition Opportunity Program, TOP).
- Konekte ak òganizasyon ak biznis ki pral amelyore konesans yo nan pratik pwofesyonèl.
- Se pou yon patisipan aktif pandan reyinyon IEP yo ; vin konfòtab ak gen konesans sou andikap yo ak metakonisyon (enfòme sou pwòp aprantisaj yo) pou defann sa yo bezwen pou aprann pi byen.
- Si sa apwopriye, enkli Sèvis Karyè ak Edikasyon Kontini pou Adilt - Reyadapsyon Pwofesyonèl (Adult Career and Continuing Education Services – Vocational Rehabilitation, ACCES-VR) ak/oswa lòt ajans kominotè

nan reyinyon IEP yo anvan yo kite lekòl segondè. Diskite ak lekòl timoun ou a oswa ekip IEP si yon ajans, tankou ACCES-VR, ta ka responsab pou bay oswa finanse sèvis apre lekòl segondè. Si se sa, ekip lekòl la oswa IEP ap mande konsantman ou pou envite ajans sa a nan reyinyon IEP timoun ou a pou diskite sou planifikasyon apre lekòl segondè. Ou ta dwe revize tablo ki nan seksyon *Resous* ki gen tit *Ajans Sèvis Tranzisyon ak Sistèm Sèvis pou Adilt* yo pou plis enfòmasyon konsènan ajans k ap patisipe yo.

- Eksplore trening trajè ak/oswa bezwen vwayaj endependan jan sa apwopriye.

Nou ankouraje paran yo pou yo:

- Fè rechèch epi ede timoun ou eksplore CTE ak lòt opsyon lekòl segondè ki alien ak objektif karyè timoun ou yo.
- Kontakte ACCES-VR ak/oswa lòt ajans kominotè yo pou enfòme sou sèvis ki ka disponib lè timoun ou konplete lekòl segondè ak antre sou mache travay la oswa yon lekòl pwofesyonèl.
- Ede timoun ou eksplore diferan kalite karyè ak kondisyon yo.
- Enfòme sou diferan kalite opòtinitè aprantisaj ki baze sou travay ki ka disponib pou timoun ou.
- Eksplore trening trajè ak/oswa bezwen vwayaj endependan jan sa apwopriye.

Planifye pou Ale nan yon Pwogram Jounen

Pwogram abilitasyon jounen yo kapab ede jèn adilt yo jwenn èd pou pwòp tèt yo, sosyalizasyon, ak konpetans adaptasyon, ki gen ladan kominikasyon, vwayaj, ak konpetans nan lòt domèn nan lavi adilt. Yo ka bay tou kèk edikasyon pou ede ak aprann plis endepandans, enklizyon kominotè, bati relasyon, ak oto-defans. Anplis de sa, moun ki resevwa sèvis abilitasyon jounen yo souvan kontribye nan kominote yo atravè travay volontè ak/oswa sèvis pre-pwofesyonèl. Sèvis pre-pwofesyonèl yo se sèvis ki adrese enterè timoun ou a ak sipòte devlopman konpetans preparasyon pou travay yo. Yo ede moun ki entèrese antre nan "mond travay la" men ki poko pare pou yo fè sa.

Si timoun ou gen chans ale nan yon pwogram lajounen apre lekòl segondè, li enpòtan pou ou konsidere bagay ki annapre yo.

Nou ankouraje elèv yo pou yo :

- Vizite pwogram yo ak yon anplwaye oswa manm fanmi ou epi eksprime preferans konsènan pwogram yo, pa egzanp, ki pwogram ki fè ou santi ou pi konfòtab ak nan ki pwogram ou plis vle patisipe.
- Patisipe nan trening trajè ak/oswa vwayaj endependan si sa apwopriye.
- Aplike pou yon kat idantifikasyon ki pa pou chofè (ak asistans jan sa nesesè).
- Kontinye patisipe nan eksperyans volontè ak/oswa aprantisaj ki baze sou travay ki pral ede enfòme aktivite apre lekòl segondè yo.
- Rankontre avèk reprezantan OPWDD yo oswa ajans kominotè yo jan sa apwopriye epi eksprime enterè ak preferans ou yo.
- Patisipe nan reyinyon IEP pou enfòme sou opsyon apre lekòl segondè yo epi eksprime enterè ak preferans ou yo.

Nou ankouraje paran yo pou yo :

- Fè rechèch sou opsyon ou yo epi vizite pwogram yo lè sa posib.
- Si timoun ou a ka ranpli kondisyon kalifikasyon pou sèvis yo atravè Biwo Eta Nouyòk pou Moun ki gen Andikap Devlòpmantal (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD), ou ka enskri avèk yo a nenpòt laj. Si ou poko fè sa, ou dwe fè sa lè timoun ou a gen ant 18 ak 21 lane pou yo ka resevwa sèvis dirèkteman apre lekòl segondè. OPWDD ap itilize òganizasyon k ap kowòdone swen (Care Coordination Organizations, CCO) pou bay Sèvis Sante nan Kay pou sipèvize devlopman yon Plan Lavi pou chak moun. Plan Lavi a ap gen ladan yon apwòch entegre pou bay sèvis ki gen ladan swen sante, byennèt, ak sipò kominotè ak sosyal.
- Si sa apwopriye, enkli ACCES-VR, OPWDD, ak/oswa lòt ajans kominotè nan reyinyon IEP timoun ou anvan timoun ou kite lekòl segondè.

- Patisipe nan yon sesyon enfòmasyon "Pòt Antre" (Front Door), ke ou ap jwenn nan paj pòt antre sit entènèt OPWDD la. Sa etabli kalifikasyon pou sèvis pou adilt.
- Diskite avèk lekòl timoun ou an oswa ak ekip IEP a si yon ajans—tankou ACCES-VR, OPWDD, Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH), Komisyon pou Avèg (Commission for the Blind), oswa lòt ajans—ka responsab pou bay oswa finanse sèvis apre lekòl segondè. Si se sa, ekip lekòl la oswa IEP ap mande konsantman ou pou envite ajans sa a nan reyinyon IEP timoun ou a pou diskite sou planifikasyon apre lekòl segondè. Revize tablo ki nan seksyon Resous ki gen tit *Ajans Sèvis Tranzisyon ak Sistèm Sèvis pou Adilt* yo pou plis enfòmasyon konsènan ajans k ap patisipe yo.
- Si sa apwopriye, aplike pou Revni Sekirite Siplementè (Supplemental Security Income) ak/oswa responsabilite legal (jis anvan timoun ou an gen 18). Titèl ba ou dwa pou pran desizyon pèsonèl, finansyè, ak medikal pou timoun ou lè yo gen plis pase 18 lane. Pou plis enfòmasyon sou titèl, vizite paj entènèt Tribunal NY yo nan <https://www.nycourts.gov/courthelp/Guardianship/17A.shtml>.
- Ede timoun ou an aplike pou yon lisans ki pa lisans chofè Eta New York, enskri pou rekritman, epi enskri pou vote jan sa apwopriye.
- Eksplore trening trajè ak/oswa bezwen vwayaj endependan jan sa apwopriye.
- Li rekòmande ke ou kenbe tout dokiman enpòtan yo ak enfòmasyon sou timoun

ou yon sèl kote e ke pou ekri yon **Lèt Entansyon** ke ou ka mete ajou chak ane. Lèt sa a se chans ou pou bay yon pwochen responsab ak ajan yon gid pou konprann timoun ou an. Sa a se pa yon dokiman legal fòmèl. Li gen ladan li yon rezime enfòmasyon itil sou timoun ou, ak entansyon w pou sitiyasyon lavi yo ak patisipasyon nan kominote yo dwe ye.



Resous

Sant Pou Tranzisyon Ak Aksè Nan Kolèj yo (Transition & College Access Centers, TCACs)

Sant Aksè pou Tranzisyon ak Kolèj yo (Transition and College Access Centers, TCACs) sipòte elèv ki gen IEP yo ak fanmi yo nan tranzisyon pou soti lekòl pou rive nan lavi adilt. Kit elèv yo ap prepare pou yo ale nan kolèj, antre nan mache travay la, oswa ap viv endepandan pou premye fwa, TCAC yo egziste pou ede elèv ki gen IEP yo reyalize objektif yo, ak sipòte fanmi yo ak pèsònèl lekòl la nan planifikasyon lavi elèv yo apre lekòl segondè.

TCAC yo sèvi kòm sant resous ki santre sou elèv ki ofri fòmasyon, atelye, ak divès opòtinite ki bay zouti ki nesesè pou planifye pou lavi adilt yo. Kèk egzanp sijè atelye yo gen ladan li Zouti Planifikasyon pou Karyè, Konsiderasyon Kolèj, Abitid Travay ak Òganizasyon, Ekri Kourikouloum-vite, ak konpetans Oto-Defans ak Kominikasyon. Pou enfòme plis sou Sant Aksè pou Tranzisyon ak Kolèj yo vizite sant sa yo, kontakte sant yo dirèkteman, oswa vizite www.schools.nyc.gov/specialeducation.

Adrès yo

Brooklyn Transition & College Access Center
Boys & Girls High School
1700 Fulton Street, Room G170
Brooklyn, NY 11213
718-804-6790
bklyntcac@schools.nyc.gov

Bronx Transition & College Access Center
DeWitt Clinton High School
100 W Mosholu Parkway S., Room 150
Bronx, NY 10468
718-581-2250
bxtcac@schools.nyc.gov

Manhattan Transition & College Access Center
269 West 35th Street, Room 702
New York, NY 10024
212-609-8491
mntcac@schools.nyc.gov

Queens Transition & College Access Center
90-27 Sutphin Boulevard, Room 152
Queens, NY 11435
718-557-2600
qnstcac@schools.nyc.gov

Staten Island Transition & College Access Center
The Michael J. Petrides Educational Complex
715 Ocean Terrace, Building A, Room 204
Staten Island, NY 10301
718-420-5723
sitcac@schools.nyc.gov

TCAC yo egziste pou ede elèv ki gen IEP yo reyalize objektif yo.

Sèvis Biwo Tranzisyon Distri 75 la ak Inisyativ Planifikasyon Sekirite Sosyal yo

Biwo Sèvis Tranzisyon Distri 75 ak Inisyativ Planifikasyon apre lekòl segondè kowòdone aktivite planifikasyon tranzisyon yo anndan Distri 75, ansam ak pèsonèl tranzisyon lekòl la. Lekòl distri 75 yo, elèv yo ak fanmi yo jwenn sipò dirèk pou facilite rezulta pozitif pou lavi, aprantisaj ak fè lajan nan lekòl ak apre-lekòl.

Kontak District 75 Office of Transition Services and Postsecondary Initiatives
400 First Ave., Room 440
New York, NY 10010
212-802-1568
D75ots@NYCDOE.onmicrosoft.com

Ajans Sèvis Tranzisyon ak Sistèm Sèvis pou Adilt yo – Ki sèvis mwen ta dwe jwenn pou timoun mwen ?

Pandan elèv yo ap prepare lavi apre lekòl segondè, li empòtan pou yo fè rechèch epi vin abitye avèk kondisyon pou antre/kalifye pou Founisè sèvis apre lekòl ki empòtan yo. Sa pral asire ke tout dokiman obligatwa yo rasanble nan tan yo mande a e yo pral ede facilite yon tranzisyon san pwoblèm nan sèvis pou adilt yo. Biwo Eta New York ki annapre yo bay finansman pou opsyon apre lekòl segondè pou elèv ki gen andikap yo.

Sèvis Karyè ak Edikasyon Kontini pou Adilt - Reyadapsyon Pwofesyonèl (ACCES-VR)
ACCES-VR ka bon pou elèv ki gen andikap fizik, devlopman, oswa andikap emosyonèl ki ka anpeche yo travay oswa fè travay pi difisil, ak elèv ki kapab travay gras ak lòt trening oswa edikasyon.

<http://www.acces.nysed.gov/vr>

Gen yon biwo ACCES-VR nan chak awondisman jan sa ye la:

Bronx
1215 Zerega Avenue
Bronx, NY 10462
718-931-3500

Brooklyn
55 Hanson Place
Brooklyn, NY 11217
718-722-6700

Manhattan
116 West 32nd Street
New York, NY 10001
212-630-2300

Harlem Satellite Office
163 West 125th Street, Room 713
New York, NY 10027
212-861-4420

Queens
11-15 47th Avenue
Long Island City, NY 11101
347-510-3100

Staten Island Satellite Office
2071 Clove Road, Suite 302
Staten Island, NY 10304
718-816-4800

Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlòpmantal (Office of People with Developmental Disabilities, OPWDD)
OPWDD ka bon pou elèv ki gen andikap devlopmantal yo ki rive avan 22 lane, ki gen landan andikap entelektyèl, otis, paralezi serebral, maladi kriz ak lòt twoub newolojik, nòt IQ pi ba pase 70 ak defisi nan konpetans adaptasyon konpòtman.
www.opwdd.ny.gov

Kontak lokal yo nan lis ki sou sit entènèt la. Vil Nouyòk se Ofis Rejyonal 4.

Brooklyn
888 Fountain Ave.
Bldg. 1, 2nd Floor
Brooklyn, NY 11239
718-642-8657 oswa 718-642-8783

Bronx
2400 Halsey St. Bronx, NY 10461
718-430-0369 oswa 646-766-3362


Manhattan
25 Beaver St., 4th Floor
New York, NY 10004
646-766-3324

Queens
PO Box 280507
Queens Village, NY 11428-0507
718-217-5537 oswa 718-217-5396

Staten Island
1150 Forest Hill Rd.
Bldg. 12, Suite A
Staten Island, NY 10314-6316
718-982-1944 oswa 718-982-1903

Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH)
OMH ka bon pou elèv ki gen dyagnostik Aks 1 (maladi mantal grav, sa vle di, gwo depresyon, twoub bipolè, eskizofreni).
<https://www.omh.ny.gov/>

Komisyon pou Moun ki Avèg (Commission for the Blind, CB)
CB ka apwopriye pou elèv ki legalman avèg oswa ki gen pwoblèm vizyon
<https://ocfs.ny.gov/main/cb/>



Apandis

Evalyasyon Pwofesyonèl yo pèsonalize pou yo ka adapte ak bezwen timoun ou a. Pa egzanp, li posib pou evalyasyon an se yon entèvyou, yon sondaj, oswa yon seri foto. Li pa fèt yon sèl jan pou tout moun. Echantyon anba yo se pou ede ou gen yon lide sou ki kalite enfòmasyon nou ranmase nan Evalyasyon Pwofesyonèl Nivo I. Li se youn nan anpil lòt egzanp ki posib.

Echantyon Evalyasyon Pwofesyonèl Nivo I

Evalyasyon Pwofesyonèl Elèv Nivo 1

Dat: _____ Non elèv la: _____

DAT NESANS: _____ #ID: _____

1. Ki klas ou pi renmen lekòl la ?
2. Ki klas ou plis pa renmen ?
3. Èske w patisipe nan aktivite (klib, espò, djaz, elatriye) nan lekòl la ?
4. Kisa ou fè ak tan lib ou ? Èske w gen pastan ?
5. Ou renmen travay pou kont ou, oswa avèk yon gwoup ?
6. Kijan de travay ou panse ou ta renmen fè lè ou gradye ?
7. Kisa ou dwe fè pou prepare pou jan de travay sa ?
8. Ki bagay ou fè pi byen ?
9. Ki bagay ki difisil pou ou fè ?
10. Ou gen yon travay ou fè lakay ou ? Si w reponnn wi, dekri pwoblèm lan.

Evalyasyon Pwofesyonèl Paran/Responsab Nivo I

Men kèk kesyon pou ou diskite epi reflechi sou yo ak timoun ou pou li prepare pou planifikasyon pou tranzisyon an. Tanpri reponn bagay sa yo pou ede nou devlope yon plan tranzisyon nou pral pataje avèk ou ak timoun ou nan reyinyon IEP a. Y ap fè yon kopi pou dosye ou yo epi y ap kenbe yon lòt kopi nan pòtfolyo tranzisyon timoun ou a.

Non elèv la: _____ DAT NESANS: _____ #ID: _____

Non Paran (yo)/Responsab (yo) : _____

- 1.** Si timoun ou a te pale sou travay, ki jan travay ou wè li ta plis renmen fè lè li gran ?
- 2.** Ki bagay timoun ou renmen fè nan tan lib li ?
- 3.** Sou kisa timoun ou renmen pale lè li lakay li ?
- 4.** Èske timoun ou gen zanmi ki patisipe ak li chak jou oswa chak semèn ? WI oswa NON. Si se "WI", ki jan aktivite timoun ou ak zanmi li yo konn abitye fè ?
- 5.** Kisa timoun ou a fè pou l ede nan kay la ak travay yo pandan yon jounen oswa chak semèn ?
- 6.** Nan kijan de aktivite timoun ou patisipe deyò kay la pou amizman li ?
- 7.** Ki sa ou ta renmen nou konnen osijè timoun ou a ?
- 8.** Ki travay ou ap atann pou timoun alavni apre yo fin gradye nan lekòl segondè ?
- 9.** Ki sa ou ap atann nan lavni pou timoun ou a sou kote yo pral viv apre gradyasyon yo ? (Egzanp : lakay nou, lakay pa yo, yon pwogram rezidansyèl, ak zanmi, elatriye)
- 10.** Ki enkyetid ou genyen sou sa lekòl la bezwen fè pou timoun ou ?
- 11.** Nan Ki konpetans endepandans ou panse timoun ou bezwen enstriksyon ?
Tcheke tout sa ki konsène w yo.

- | | |
|---|--|
| <input type="checkbox"/> Achte ak pran swen rad | <input type="checkbox"/> Konnen ki sa ki nan kominote a |
| <input type="checkbox"/> Fè manje ak nitrisyon | <input type="checkbox"/> Konpetans jere lajan |
| <input type="checkbox"/> Ijyèn ak pwopte | <input type="checkbox"/> Ki jan yo dwe rete an sekirite nan kominote a |
| <input type="checkbox"/> Itilize transpò publik | <input type="checkbox"/> Sante ak trening Premye Swen |
| <input type="checkbox"/> Jwenn lisans chofè | <input type="checkbox"/> Lòt bagay ki enkyete yo |
| <input type="checkbox"/> Kòman pou achte avèk sajès | |

Evalyasyon Pwofesyonèl Nivo I Pwofesè

Dat : _____ Non elèv la : _____

DAT NESANS : _____ # IDANTITE NYC : _____

- 1.** Dekri sa elèv la konnen sou mond travay la.
- 2.** Ki sa ki se kèk nan fòs ak enterè elèv la ?
- 3.** Èske elèv la te endike nenpòt plan pou edikasyon oswa travay apre lekòl segondè ?
- 4.** Dekri kapasite elèv la pou aplike konesans ak konpetans yo te aprann nan lòt anviwònman.
- 5.** Ki atant elèv la prewa apre lekòl segondè ?
- 6.** Ki atant paran/gadyen legal la genyen pou elèv la apre lekòl segondè ?
- 7.** Ki domèn ak konpetans elèv la bezwen devlope pou reyalize rezulta apre lekòl sekondè li vle yo ?
- 8.** Dekri aktivite ki motive elèv la.
- 9.** Lòt kòmantè :





Pou plis enfòmasyon, telefone 718-935-2007 oswa
vizite www.schools.nyc.gov/specialeducation

GID POU FANMI SOU
Planifikasyon
pou Tranzisyon
PREPARE ELÈV AK IEP yo POU LAVI
APRE LEKÒL SEGONDÈ